

# 2017

# Доклад "Пох1ма долчу берашца беш болу болх"



*Х1оттийнарг*

*Чермыханова Лиза*

*Айсалтановна*

21.03.2017

## Пох1ма долчу берашца д1ахьуш болу болх.

Пох1ма долчу берашца д1ахьучу балха т1ехь хьем хилар, таханлерчу дийнахь хьалхарчу меттехь ду шен лазаме хиларца а, чолхе хиларца а. Цхьана аг1ор, кхуьуш ю юкъараллин цаторийла, гонахарчех тера доцуш, шатайпа ойла йолчу адамийн. Вайзаманахь ч1ог1а оьшуш ду лаккхара жигаралла хилла ца 1аш, шен амалан башхаллаш, цхьацца говзаллаш шайца йолу къона адамаш. Ткъа вукху аг1ор, вайна массарна а дика хуург ду дукхахйолчу школашкахь ша-берриге тидам «середнякаш» 1аморна т1ебахийтина буйла, х1унда аьлча,экзаменаш ю дешархойн д1аяла езаш. Цундела , ледара дешархой экзаменаш д1аяллал кхето таро хир яц техьа, бохучу 1алашонца болх бар т1едоьжна дукхахболчу хьехархошна.

Иштта оцу а, кхидолчу а бахьанашца вайн, лерина тидам т1е а бахийтина, болх бан хан я йиш ца хуьлу пох1ма долчу берашца. Ткъа царна массарначул а ч1ог1а оьшу вайн тидам, х1унда аьлча, церан пох1ма кхио вай г1о ца дича, царна и «Делера совг1ат» беза мохь хуьлу. Пох1ма долу бераш шайн нийсархошлахь къаьстина хуьлу кхечу кепара ечу ойланашца, лучу жоьпашца, х1итточу хаттаршца, шайна хетарг, шайн меттиг (позици) цара доггах ларъярца, гонахарчийн цаьрца йолчу г1оьртинчу юкъаметтигашца, и. д1. кх. а.

Иштта сайн дешархошна юкъахь суна а сиха хааделира пох1ма долу бераш. Оцу г1уллакхах со кхийтира цара урокехь лучу жоьпех, хеттарех (урокан темица дог1уш доцуш, шайн ханна хаа хьалхе а долуш), ткъа иштта урок чекхъяьлча т1аьхьа а совций, диккачул соьца цара дечу къамелех, оцу къамелийн теманех.

Цундела , церан пох1малла кхиорхьама, аса цхьацца тайпа, пох1малла долчунна хьекъална кхача (пища для ума) хилийта, цхьацца тайпа белхан кепаш юкъаялайо сайн урокашкахь. Цара г1о до пох1ма долу бераш гучудаха. Царна ма еззара, вайгара ма еххара, шатайпана дешаран кеп (нетрадиционная форма обучения) хуьлу цунах.

Нохчийн меттан урокехь аса юкъабалабо иштта (слайдаш т1ехь ма гайттара) белхаш. Уьш дуккха а бу. Предложенеш  яржор т1ехь тайп---тайпана белхаш бо оха, масала: «К1ант веара…» боху предложении. Х1ора дешархочо шегара цхьацца дош т1е а тухуш, предложени д1аяхьа еза , цхьа а дош хийца я юкъахдита  йиш яц. Галваьлларг юкъара д1аволу, ткъа пох1малла дерш жигараллица болх д1ахьош хуьлу.

Ткъа литература урокехь-м  къаьсттина эвсара д1абоьду тхан болх. Масала, тхан тема стихотвореница йозуш елахь, оха тхайн хаарш мелла а шордархьама, тхайна хьалха жимма халуо 1алашонаш х1иттайо. «Шуьга яккхалур ярий те стих?» - олий, аса т1едиллар дича, къайлах пох1малла шеца дерг гучуволу . (Сан м цхьа тептар ду дешархоша язйинчу стихотворенийн – уьш нис а еш, «Дешархойн говзарийн гулар» ц1е а тиллина, и болх арахеца лаам бу сан къайлах лелош.) Иштта оцу стихотворенех долу хаарш тхаьш толлуш, акростих х1ун ю те, и язъялур ярий те вайга олий, аса кхин болх юкъакхуссу. Оцу белхаша сайн предметашна ох1ла долу бераш гучудоху суна.

Литературни жанраш тхаьш юьйцуш, юкъабалабо ас «нетрадиционни болх». Хьалхxе жанр а къастайой, цхьамма хьалхара предложени олу (***Цхьана дийнахь тхо сакъера даха девлира…*** я ***Цхьана буса тхо гулделла ц1ера гонах  хевшина 1ара. Ц1еххьана***…). Иштта кар-кара оьцуш, оха тхешан дийцар кхиадо. Х1ораннан 1алашо дийцар кхечу хорша а дерзийна, шел т1аьхьарниг вохийтар ю. Цо къаьсттина хазбо и болх. Оцу балха т1ехь а дика гучуволу пох1малла дерг.

Пох1ма цхьана аг1ор долуш хуьлу бераш (профильни), масийтта тайпана долуш хуьлу (разносторонни).

Дуккха бу пох1малла долчаьрга ас бойтуш( кхин т1е байта лерина ) белхаш: **талларан** (исследовательски), **лехаран** (поискови), **кхиоран** (развивающи), **эвсараллин** (продуктивни).

Ишта пох1ма долу бераш вайн массеран а школашкахь хир ду. Берашна юкъара уьш схьакъастор, кхиор, шайца бог1учу новкъа х1иттор

– вайх х1ораннан декхар ду,вай и декхар,вешан ницкъ кхочучу барамехь ,кхочушдо аьлла хеташ ю со.

Кхин а цхьа х1ума ала а лаара сунна:айса х1ара болх бечу хенахь,дуккха дешнаш карийна суна(уьш-м х1оразза а дара муьлххачу балха т1ехь карош) вайн матте гоч ца далуш.Цара дикка йиш йохийна сан,сайн балха т1ехь.Оцу балха т1ехь вайн жимма аьтто беш лингвисташ белахьара я шайн хенахь т1еэцна офицер,генерал,стакан ,и.д1.кх. дешнаш санна бакъонца уьш т1еэцахьара, вайн болх жимма аттачу

бала-м там бара.

Дала аьтто бойла массеран!!!

ДОКЛАД